Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 19YÈM PWOPOZISYON NAN DISKOU ETA LETA 2017 LAN: NOUVO KONKOU POU 10 MILYON DOLA POU ANTREPRIZ FOTONIK NAN ROCHESTER PWAL EDE FÈ EKONOMI INOVASYON AN VIN PI DJANM

Konkou pou Antrepriz la pwal Ankadre Nouvèl Antrepriz nan Domèn Optik, Fotonik ak Teknoloji Imajri

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke Eta New York pwal mete sou pye yon Konkou pou Antrepriz Fotonik (Photonics Venture Challenge) nan Rochester, pou 10 milyon dola. Konkou sa a va ankadre nouvèl antrepriz ki mete sou mache a yon seri teknoloji k ap devlope rapid; l ap mete anplas yon pwogram levepye pou antrepriz e l ap ofri yon prim 1 milyon dola bay nouvèl antrepriz ki gen plis pwomès lan. Prezantman, pa gen ankenn pwogram levepye omonn nan domèn fotonik, e rejyon Rochester la nan yon bòn pozisyon pou li kreye yon program ki rekoni nasyonalman e menm globalman.

“Rochester tounen byen vit yon lidè nan endistri inovasyon e kounyeya li tan pou nou pwofite elan sa a pou mentni kwasans ekonomik pou tout rejyon an,” **Gouvènè Cuomo di.** “Rejyon Finger Lakes la gen plis pase 120 konpani k ap travay men nan lamen avèk pi gwo konpayi rechèch nan nasyon an; prezantman rejyon an se youn nan pi gwo sant omonn pou endistri fotonik la. Pa gen meyè kote pase Rochester pou mete konkou sa a anplas e ede konpayi sèvi avèk resous yo genyen nan endistri fotonik la pou kreye yon anviwònman kolaborasyon pou nouvèl antrepriz devlope e jwenn siksè.”

Konkou Fotonik la sanble konpetisyon 43North nan Western New York, yon inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a te finanse. 43North se yon konpetisyon 5 milyon dola pou nouvèl antrepriz, kote pi bon antreprenè ak nouvèl antrepriz nan lemonn resevwa lajan kach. Gayan yo pral resevwa egalman yon espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon lane, konsèy ki soti nan men konseye yo nan domèm ki gen rapò, ak aksè a lòt pwogram rekonpans tankou START-UP NY. Menm jan ak 43North, gayan Konkou Fotonik la dwe pran angajman pou yo enstale yo nan rejyon Rochester la pou omwen ennan apre yo resevwa prim nan.

Men eleman debaz Konkou pou Antrepriz Fotonik la:

- Yo pwal chwazi 10-15 nouvèl antrepriz pou pwogram nan atravè yon pwosesis aplikasyon ki konpetitif, e chak antrepriz pwal resevwa orpimabò yon finansman $100,000 a $125,000 annechanj kapital pwòp. Y ap fè chwa pou premye tou a disi otòn 2017.

· Patisipan yo pwal nan yon pwogram levepye byen chapante k ap dire 4 a 6 mwa, k ap pèmèt yo kreye pwodui, jwenn kliyan e rafine biznis modèl yo, epitou pran pye sou mache a. Pwogram nan pwal ofri yon espas travay nan rejyon Rochester la, l ap bay askè a atou, resous, laboratwa, ets. nan rejyon an, epi l ap etabli kontak avèk mantò ak patnè nan endistri a.
· Chak ane, yon “Jounen Demonstrasyon” (“Demo Day”) ap klotire konpetisyon an, kote tout ekip yo ap patisipe nan yon fowòm pou fè yon prezantasyon devan yon asistans k ap gen ladan kapitalis antrepriz, konpayi optik/fotonik, ak lòt manm nan endistri a.
· Twa meyè nouvèl antrepriz nan pwogram nan ap antre an konpetisyon pou yon lòt finansman “pi bon nan kategori” a: 1 milyon dola pou premye pri e 500,000 dola pou dezyèm ak twazyèm pri. Y ap anonse gayan yo pandan “Jounen Demonstrasyon” an.
· Gayan yo dwe rete e fonksyone nan rejyon Rochester la pou omwen ennan apre yo resevwa prim nan, de preferans toupre lokal AIM Photonics Testing Assembly and Packaging (TAP) nan Eastman Business Park, oswa toupre syèj sosyal levedpye antrepriz Sibley Square.

Konkou Fotonik sa a ap fèt nan kad sa Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2016, lè li te di Etablisman Manifakti Depwent AIM Photonics t ap gen syèj li nan Eastman Business Park nan Rochester, nan ON Semiconductor. Yo pral itilize etablisman an pou fè tès, asanblaj ak anbalaj pis elektwonik pou yo itilize kòm foton nan plas elektwon yo pou ogmante pèfòmans sikwi semikondiktè yo. Vis Prezidan Joe Biden ak Gouvènè Cuomo te fè anons Enstiti Ameriken pou Manifakti Fotonik Entegre a (American Institute for Manufacturing of Integrated Photonics) pou lapremyè fwa an Jiyè 2015. Enstiti a pral ede garanti lidèchip peyi a ak rejyon an nan rechèch, devlopman, ak manifakti teknoloji ki fenk ap parèt yo.

Optik, fotonik ak imajri (Optics, Photonics and Imaging, OPI) se youn nan twa gwoup endistri yo te idantifye atravè inisyativ “Finger Lakes Forward” la, ki se plan direktè reyisi Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a pou devlope ekonomi an, kreye djòb epi sèvi kòm motè opòtinite yo. Pou li kapab kontinye lidè nan lemonn pou esplwatasyon teknoloji baze sou limyè, pou pwodui ak sèvis, Konsèy Rejyonal pou Devlòpman Ekonomik (Regional Economic Development Council) Finger Lakes apiye Konkou pou Antrepriz Fotonik la kòm inisyativ priyoritè nan plan Inisyativ Revitalizasyon Nò a, jan High Tech Rochester te rekòmande a, pou li se yon pwogram levedpye antrepriz k ap fèt chak ane a grann echèl e yon konpetisyon ki pou atire e ankadre nouvèl antrepriz OPI ki gen anpil potansyèl pou kwasans.

###